

## Swen Sante w. Chwa Ou! Ki Moun ki Ajan Swen Sante ou a?



**Apati 18 an, ou ka chwazi yon moun ou fè konfyans pou vin Ajan Swen Sante w.**

Si w malad epi w pa ka pran desizyon sou swen tèt ou, menm pou yon ti tan pandan w ap pi byen, Ajan Swen Sante w la gen **pouvwa** pou l pale ak doktè w epi pran desizyon pou l jwenn swen w vle a. Ou nonmen Ajan Swen Sante w nan yon dokiman Pwokirasyon Swen Sante.

**Fè li kounye a pou Pwokirasyon Swen Sante w an plas lè w bezwen li!**



- 1.** Chwazi yon moun ou fè konfyans, tankou yon manm fanmi, yon zanmi, oswa nenpòt moun ou renmen kòm Ajan Swen Sante ou.



- 2.** Enprime yon dokiman Pwokirasyon Swen Sante gratis. (Nan 15 lang.) Ekri nan non Ajan Swen Sante w la epi ranpli fòm lan.

Fè pwòp Kat Pòtfèy ou "Mwen gen yon pwokirasyon swen sante"!



- 3.** Bay doktèak founisè swen ou yon kopi Pwokirasyon Swen Sante w. Yo ka rele Ajan Swen Sante w nan yon ijans.

**E si mwen pa kapab chwazi yon Ajan Swen Sante? Pa gen Ajan? Sa pa pwoblèm. Ou ka ekri sa ou vle pou swen nan yon Direktiv Pèsonèl (Testaman ki Vivan) epi pataje ak doktè ou yo.**

[Klike Isit La pou yon Pwokirasyon Swen Sante Kreyòl Ayisyen](#)

